**Мероприяти**

**«Беза, бовза, хаахъайнненанмотт!»**

**1алашо.** Берийнхааршбилгалдахар, матте а, Даймахке а болу безам совбаккхар, нохчийнкъоман г1иллакхаш довзийтар; фольклорах болу хаамаш к1оргбар. Дахарехьшайнметтигмуьлха ю, муха ю кхета а дешберашкхиор.

**Д1ахъошверг.** Де дика хуьлдашун!

Вайнама-хаъара, вайн республикин куьйгалхочун Кадыров Рамзанан Указаца 25-г1а апрель – Нохчийнметтан Де дуаьлла д1акхайкхийна. Даггарадекъалдо шу НохчийнметтанДенца!

**1 бер.**Бекалахь,ненанмотт,тахна.

Дуьнене, машарекхойкхуш.

Латта т1ехь къинхетам,

Нийсо, вошалла, ирс, машаркхойкхуш.

**2 бер.**Вайнмоттбу 1аламал ч1ог1а,

Хьекъалецо йоьг1на лард.

Доккхуцокъайленийн дог1а,

Къаьмнашлахьцокхуллубарт.

**3 бер.**Дуьххьарадош олуш,

Ас, г1алат вуьйлуш,

Воккхавеш, дуьненахь

Бийцинахьо.

**4. бер.** Дог лазошвилхича,

Со маракъуьйлуш,

Со тевешбийцина

Хьо, ненанмотт.

**5 бер**. Т1аьхъарчу т1аьхьено

Хастабешкхана,

Хьомсаранохчийнмотт,

Хьобахалахъ!

**Д1ахъошверг**. Муьлхачукъоманкоьртабилгалоцуьнанмоттбу. Мотт боцушкъам хила йишяц, маттацахьаьрчинадохку х1ора къоман г1иллакх - г1уллакх а, оьздангалла а, дуьненанхьежамаш а. Нохчийнматтацадувайнкъомандоьналла а, майралла а.

Вай х1инца д1ахьон йолу викторина нохчийнматтацайоьзна ю .

Бераш, шу шина тобанедекъалурду: хьалхаратоба а, шолг1а тоба.Х1ора тобаношайовзуьйтур ю вайна, шен ц1е а, девиз олуш.

Дошлошуна, хьалхаратоба.

**Бер.** Со тобананбаьччаву. Тхантобанан ц1е…

**Бераш.** «Кавказ» ю

**Баьчча.**Тхан девиз…

**Бераш.**Къацахьоьгашвижна 1иллахь,

Дуьсурдуцахууш 1илма.

**Д1ахъошверг**. Дика ду. Дошлошуьга, шалг1а тоба.

**Бер.** Со тобананбаьччаву. Тхантобанан ц1е…

**Бераш.** «Башлам» ю

**Баьчча.** Тхан девиз…

**Бераш.**Дуьнедовза, дахардовза,

Луушдутхо 1ама говза.

**Д1ахъошверг**. Дика ду. Х1инца ашашайнтобанахлаьцна байт йоьшур ю.

Дошлохьуна, «Кавказ» тоба.

**Бер.**Доллучудуьнен т1ехь сийлахь ю Кавказ!

И хаз еш, ийазеш, дека тхан аз.

Дешарца, 1илманцахирдутхохьалха.

Тхоьха д1акъаьстинаргвуьсурвуцхьалха.

**Д1ахъошверг**.Баркалла, хаза байт ю. Дошлохьуна, «Башлам» тоба.

**Бер.**Бошламанбохьсанналепийласирла,

Доггахкъахьоьгучуннекъ.

Халкъаца, махкацатешамехилла,

Оха и боккхурбучекх.

**Д1ахъошверг**.Баркалла, хаза байт йишиаша а.

Жиммахаттаршдан лаьасунашуьга, муьлхачоа жоп дала

мегардушуна. Муьлхачумахкахьдехашду шу?

**Бер.** ТхоНохчийчохьдехашду.

**Д1ахъошверг**.Муьлхачукъоманберашду шу?

**Бер**. Тхонохчийнкъоманберашду.

**Д1ахъошверг**. Х1ора къаьмнийншенмоттбубуьйцуш. Цуьнах

ненанмоттолу. Ткъамуьлхабушунненанмотт?

**Бер.**Тханненанмотт - нохчийнмоттбу.

**Д1ахъошверг**.ВайнНохчийчохькхинмуьлхакъаьмнашду?

**Бер.**Нохчийчохьоьрсийбу, г1умкий, ногайцаш, терскиказакаш.

**Д1ахъошверг**.Мульхачу г1алахь дехашду шу?

**Бер.**ТхоГуьмси г1алахь дехашду.

**Д1ахъошверг**.Гуьмси г1алин гонах йолчуяртийн ц1ераш хаьийшуна?

Церан ц1ераш яхал.

**Бер.**Мелхчи, Джалка, Нойбер, Ойсхар, Кошкельды, Мескер-ойла, Илсхан- юрт.

**Д1ахъошверг**. Шу дика берашду, шайнмохкшуна дика боьвза.

Х1инца вай х1ора тобазуьйр ю, нохчийнмоттхаарехьтоьлларг къасторхьама.

**1.«Дийнаташ»**

**Д1ахъошверг**. Аса шунагойтурдудийнатийнсуьрташ. Аша церан ц1ераш яхаеза.Тоба «Кавказ», дошлохьуна. Дийнатийн ц1ераш оьрсийн маттахьяха. (гойтусуьрташ)

**Бераш.** Медведь, лиса, заяц, волк, слон.

**Д1ахъошверг**.Нийсаехиашцеран ц1ераш.

Дошлохьуна, «Башлам»тоба, дийнатийн ц1ераш нохчийнматтахь яха.

**Бераш.** Ча, цхьогал, пхьагал, борз, пийл.

**Д1ахъошверг**.Нийса эли аша а.

**2. «Чехкаалар»**

**Д1ахъошверг**.Вайзуьйрдучехкаалар дика хьанхаьа. Дошлохьуна, «Кавказ» тоба.

**Бер.**Къорзакъигокъехкайо к1айн къиг**.**

**Д1ахъошверг**. Дика ду. Дошлохьуна, «Башлам»тоба.

**Бер.**Хьочохьсецча, со чохьцасоцу. Со чохьсечца, хьочохъцасоцу.

**Д1ахъошверг**.Дика эли.

**3. «Забаредийцар»**

**Д1ахъошверг**.Забаредийцарансурт дика хьа х1оттор дузуьйрадувай. «Кавказ» тоба, дошлохьуна.

(берашгойтузабаредийцарансурт)

**«Ч1ургаш»**

Цхьастаг базара вахана. Ч1ургаш духкучунна т1е а воьдий, цо мах хотту. Механ резахуьлийцоуьшоьцу, ахча д1а а лой. Шен ч1ургаш схьа оьцийиза д1аволало**.** Ткъамахбечошегаделлахьирчина долу кехатан туьмакуьйгаца д1ашардо. Ахча даьт1а-1уьг даьллахуьлу. Цо т1ехьа мохьтуху ч1ургаш эцнавоьдучунна : «Х1ей, воьдушвегр! Хьанахча даьт1а -1уьг даьлламаду». Вукхо ч1ургаш хьалаа ойиолу: «Ой, хьан ч1ургаш маду 1уьргаш долуш».

**Д1ахъошверг**.Баркаллашуна, тхансамукъадаккхиаша. «Башлам» тоба, дошлошуьга.

(берашгойтузабаредийцарансурт)

**«Пенсе яхийтаца мега со!»**

«Ио1, х1инца хьойоккха хила.Ишколе г1ур ю хьогурахь, тайнигахловза йишхиряц т1акха», - олудасшен йо1е. Реза йоцуш йо1а хотту: «Дада, берийнбешаяхийтаца мега со?». «Т1ебожа хьо пен, берийнбеша мухайохуьйтукъанъелла, ялхшокхаьчна йо1?»,-аьлладас: «Хьом пенсе яхийтамегарйолушяй!? Берийнбешатов!?» Йо1а хаьттинадега: «Дада, ткъаоцупенсехьдешадезий?».»Цадеза дера, пенсехьсадо1уш хуьлу…, т1е ахча а ло», - аьлладас. «Т1акха ахь х1ун дей, дада»,- аьлла йо1а: «Со оцу пенсе яхийтахьа»

**Д1ахъошверг**.Баркаллашуна, тхансамукъадакхиаша а.

**4. «Нохчийнкицанаш»**

**Д1ахъошверг**.Вай х1инца хьовсурду, хаийшунанохчийнкицанаш.

Дошлохьуна, «Кавказ» тоба.

1. Аьхка мало, 1ай хало.
2. Болхбечукхаьчча – болхбе, юучукхаьчча – яа.

3. Ненансийдинаргмахко а лерина.

**Д1ахъошверг**. Дика ду. Дошлохьуна, «Башлам» тоба.

1.Коьрто болхца бича, когашкъахьогу.

2.Серах цабина х1оз, г1ожах балур бац.

3.Вина мохк мазал мерзабу.

**Д1ахъошверг**.Шуна дика девзавайннохчийнкицанаш.

**5. «Байташешар»**

**Д1ахъошверг**.Даймехках, ненахлаьцнабайташйоьшур ю вай.

Дошлохьуна, «Кавказ» тоба.

**Бер.**Олу нанассоьга:

«Хилалахьоьзда, г1иллакх хьайцадолуш,

Воккханиглоруш, жиманигхьоьстуш,

Диканнадуьхьал - диканесацатуьйсуш…

Нийсонца, ларамцавахалахь, хьомениг!»

**Д1ахъошверг**.Баркалла, дикайийшиахь байт.

Дошлохьуна, «Башлам» тоба.

**Бер**. Дика, эсала и хиларна, езанана сунна!

Сайцабертахь и хиларна, ваша веза сунна!

Адамаш адеза сунна, безамашарсуна ч1ог1а!

БезаДаймохкдаим сунна, Даймохкнанахиларна!

**Д1ахъошверг**.Баркалла, ахьа а йийши байт дика.

Мотт, духар, г1иллакхаш – къомансибатду. И сибатлардеш вверг ийманцаву, изавуззинанохчову, шенДаймехканхьакъ волу къонахву.

**Бер.**Массо аберанаехийланана,

Массо абераннавехийла да.

Лаьасуна, вехийламассо а маьрша,

Ирсдолуш, бартболушша винчу махкахь.

**Бер**. Хьежалахьдашомалх, массарна г1оза,

Хьайн з1аьнаршца доxделахь х1оранан дог.

Дехийлаадамаширсдолуш, г1оза,

Х1ара нанавайнДаймохкзовкхебешденна.

**Иллиаллар «Сан даймохк»**

1. Нанасберахьдуьйна сунна хьомарзбина,

Хьогадагардуьйцуш, хийлаойлайина.

Сан дай баьхналатта, сан ирс долу Даймохк.

Ахькхиийна, ахьстагвина, со новкъавелира. шозза ала

2. Хьуна гена ваьлча, херехь зама ялча,

Даго лоькхузурма сунна хьохетара.

Сан дай баьхналатта, сан ирс долу Даймохк,

Малхбицбина, нуркъагийна, сунна хьолепара.шозза ала

3. Х1ора йог1у кхане,хьоьцайокхурбохуш,

Винчу махкакхача ас сатийсинера.

Сан дай баьхналатта, сан ирс долу Даймохк,

Хьоьхкъаьстина, дог диллина, 1алур цахиллера.шозза ала

4. Нанасберахьдуьйна сунна хьомарзбина,

Хьогадагардуьйцуш, хийлаойлайина.

Сан дай баьхналатта, сан ирс долу Даймохк.

Ахькхиийна, ахьстаг вина вог1ург декъалхилла . шозза ала

**Д1ахъошверг**.Жюрисвайнкъовсам-викторинин мах хадошнехь, бераша нохчийнхелхардийрду.

(берашхелхар до)

**Д1ахъошверг**. Х1инца дошложюрига.

(жюрискъовсам-викторинин мах хадабо)

**Д1ахъошверг**.Вайцхьаьнакхетардерзош, луур дара ала - хазахета, буххерадуьйнавайнмотт, вайн г1иллакхаш карла а дохуш, х1окху тайпаберийнхааршсовдахарехьавайнболхбан таро хилар. Ненанмоттбийца а, беза а, 1амо а, 1алашбан а, кхио а, даржехьлакхабаккха аВезачу Дала г1одойла вайна.